

ABSTRAK

Tiara Aprilia Fauzianti Hamzah (2021). *Kamampuh Ngungkulan Masalah Matematis sareng Self-confidence Siswa Sakola Menengah Ngalangkungan Model Think Pair Share (TPS)*

Salasahiji masalah dina pangajaran matématika nyaéta masih héngkérna kamampuh siswa dina ngungkulan masalah matematis. Hal ieu ditunjukkeun ku kamampuh siswa anu masih kenéh héngkér dina ngaréngsékeun soal-soal anu dipasihkeun. Kahéngkérna kamampu ieu tiasa dipangaruhan ku sababaraha faktor, salasahijina nyaéta kirangna kapercayaan diri siswa. Salasahiji upaya pikeun ningkatkeun kamampu siswa dina prosés pangajaran matématika nyaéta ku cara ngagunakeun modél pangajaran TPS. Panalungtikan ieu tujuannana pikeun 1) ngadeskripsikeun kamampuh ngungkulan masalah matematis siswa Sakola Menengah ngalangkungan modél TPS; 2) ngadeskripsikeun self-confidence siswa Sakola Menengah ngalangkungan modél TPS; jeung 3) ngadeskripsikeun épéktipitas modél pangajaran TPS kana ningkatna kamampuh ngungkulan masalah matematis siswa. Panalungtikan ieu ngagunakeun pamarekan panalungtikan kualitatif, kalayan jinis panalungtikanna nyaéta Studi Kapustakaaan (library research). Dina panalungtikan studi kapustakaaan ieu, panalungtik ngempelkeun sababaraha literatur anu aya saluyu sareng panalutikan sateuacanna anu aya kaitanna sareng variabel anu ditalungtik. Téhnik analisis anu digunakeun nyaéta téhnik induktif, téhnik interpretas sareng téhnik komparatifi. Dumasar kana hasil analisis, nunjukkeun yén 1) modél pangajaran TPS mangaruhan kana kamampuh ngungkulan masalah matematis siswa SMP/Sadarajat, henteu mangaruhan pikeun siswa SMA/Sadarajat; 2) Modél pangajaran TPS tiasa ningkatkeun self-confidence (kapercayaan diri) siswa Sakola Menengah; sareng 3) modél TPS épéktip pikeun digunakeun dina prosés pangajaran.

Kecap konci: *Kemampuan Ngungkulan Masalah Matematis, Self-confidence, sareng Model Think Pair Share (TPS)*